

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dina ieu panalungtikan anu judulna “Karakteristik Tokoh jeung Penokohan dina Novél *Si Bedog Panjang* Karya Ki Umbara” miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita jeung psikologi sastra anu nyampak dina ieu novél. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Si Bedog panjang* karya Ki Umbara, maluruh struktut carita (téma, fakta carita, sarana sastra). Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori Robert Stanton jeung tiori klasifikasi émosi David Krech anu ngawengku *konsép rasa bersalah, rasa bersalah yang dipendam, menghukum diri sendiri, rasa malu, kesedihan, kebencian, jeung cinta*. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis kalawan ngagunakeun téhnik talaah pustaka. Instrumén anu digunakeun nyaéta instrumén tabél pikeun ngumpulkeun data. Sedengkeun dina analisis data ngagunakeun kartu data.

Struktur carita anu nyampak dina ieu carita nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana sastra. **Téma** anu aya dina ieu carita nyaéta “détéktip”, lantaran dina jalan caritana ngungkab rusiah palaku Si Bedog Panjang anu ngudag-ngudag cepuk ka Sunarya. Ieu téma téh ngawengku , sunarya sakola ka sérang, dihordah ku si bedog panjang, yunus meunang poswésél ti “sunarya”, mang murnasim nganjang sarta yunus jeung wawan nu nyingkur, rusiah cepuk, dina karéta, patalina cepuk, mang murnasim jeung si bedog panjang, patalina cepuk, mang murnasim jeung si bedog panjang, winarya datang ka sérang jeung rusiah si bedog panjang, jeung warisan sarta diangkena winarya ku mang murnasim. **Fakta Carita** ngawengku galur, palaku, jeung latar. **Galur** anu digunakeun nyaéta galur mérélé, anu dina tahapanan ngaruntuy di awal-tengah-ahir. Ti ngawanohkeun palaku, mimiti ayana pasualan, puncak pasualan, nepi ka tahap ahir méréskeun masalah. **Palaku** dina ieu carita aya dalapan urang palaku. Palaku utama dina novél *Si Bedog Panjang* nyaéta Yunus.. Yunus salaku palaku anu matotoskeun pasualan anu aya dina jalan carita. Palaku tambahanaya aya Sunarya, Cécé, Mang Murnasim, Winarya, Ki Sadiman, Juragan Sunda, jeung Juragan M. **Latar** dina ieu novél kabagi jadi tilu, nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Aya 14 latar tempat anu kapaluruh dina ieu carita, nyaéta Setasion Sérang, di sado, asrama, di kantor, bale rékréasi, gedong bioskop

Banten-Park, di dapur asrama, di imah ninina Sunarya, di leuweung, di imah Wawan atawa Winarya, Setasion Bandung, di karéta, Setasion Purwakarta, jeung di kamar Yunus. Aya 16 latar waktu anu kapaluruh dina ieu carita, nyaéta poé saptu jam genep soré, malem minggu, peuting, isuk-isuk, isukna, isukna rebun-rebun, sareupna, jam tujuh leuwih saparapat, jam tilu, peuting jam sapuluh, wanci pecat sawed, wanci haneut moyan, isukna jam dalapan, beurang, soré, jeung maleman peré. Latar sosial anu digambarkeun dina novél *Si Bedog Panjang* nyaéta kahirupan latar sosial kelas menengah ka luhur. ***Sarana sastra*** ngawengku judul, gaya basa, jeung puseur implengan. **Judul** dina novél *Si Bedog Panjang* relevan pisan jeung eusi carita lantaran jalan caritana nyaritakeun rusiah palaku *Si Bedog Panjang*. **Puseur Implengan** anu digunakeun ku pangarang nyaéta jalma katilu teu kawatesanan. Pangarang ngagambarkeun sakabéh karakter nu aya dina novél sarta ngaposisikeun diri salaku jalma ka tilu. Jalma katilu didieu sagala apal kana unggal kajadian-kajadian nu dilalakon ku palaku-palakuna, sarta teu ngagunakeun gaganti jalma. **Gaya basa** anu kapanggih dina ieu carita nyaéta rarahulan, Mijalma, lalandian, ngaumpamakeun, ngasor, kadalon, jeung babasan paribasa. **Amanat** dina novél *Si Bedog Panjang* nyaéta ulah nyokot barang atawa hal anu lain hakna, sabab lamun nyokot hak batur tangtu bakal meunang mamala boh di dunya atawa éngké di ahérat. Sarta jadi pangbeurat dosa dina hisaban.

Dina analisis klasifikasi émosi teu sakabéh palaku kapaluruh. Palaku-palaku nu dianalisis émosina nyaéta palaku-palaku nu watekna katingali jelas. Dumasar kana hasil analisisna, émosi Sunarya anu kapaluruh nyaéta *konsep rasa bersalah, rasa bersalah yang dipendam, menghukum diri sendiri, kesedihan, jeung cinta*. Émosi Yunus anu kapaluruh nyaéta *konsep rasa bersalah, rasa bersalah yang dipendam, menghukum diri sendiri, kesedihan, kebencian, jeung cinta*. Émosi anu kapaluruh dina diri Cécé nyaéta *konsep rasa bersalah, rasa bersalah yang dipendam, menghukum diri sendiri, kesedihan, kebencian, jeung cinta*. Émosi dina diri Mang Murnasim anu kapaluruh nyaéta *konsep rasa bersalah, rasa bersalah yang dipendam, menghukum diri sendiri, rasa malu, kesedihan, kebencian, jeung cinta*. Émosi anu kapaluruh dina diri Winarya nyaéta *rasa bersalah yang dipendam, menghukum diri sendiri, kesedihan, kebencian, jeung cinta*. Émosi anu kapaluruh dina diri Ki Sadiman nyaéta *rasa bersalah yang dipendam, kesedihan, jeung*

kebencian. Émosi Juragan Sunda anu kapaluruh nyaéta *kebencian*, jeung *cinta*. Émosi anu aya dina diri Juragan M nyaéta *menghukum diri sendiri, kesedihan*, jeung *cinta*.

Dumasar kana sababaraha pedaran, bisa dicindekkeun yén novél *Si Bedog Panjang* karya Ki Umbara miboga struktur carita anu lengkep. Salian ti éta, dumasar kana klasifikasi émosi unggal palaku miboga émosi anu rupa-rupa. Sarta saupama dipatalikeun jeung psikologi sastra tina pasipatan jeung paripolah nu digambarkeun ku tokoh, bisa dijadikeun pangaweruh kana kahirupan.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh miboga implikasi dina sababaraha widang paélmuan, nyaéta widang kasusastraan nu hususna dina génré carita pondok anu diulik sacara struktural dipiharep bisa ngahasilkeun hiji karya sastra nu miboga struktur lengkep jeung variatif di jerona. Satulunya, dina widang psikologi sastra dipiharep bisa ngajembarkeun paélmuan hususna ngeunaan kelasifikasi émosi sangkan bisa méré ambahan pangaweruh ka pamaca ngeunaan émosi-émosi dasar manusa anu kahareupna bisa jadi dadasar dina ngarandapan émosi unggal manusa.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi nu bisa ditepikeun, nyaéta ieu di handap.

Kahiji, dumasar kana pamarekan karya sastra ngeunaan psikologi sastra, kapaluruh masih kénéh kurang referensi husuna ngeunaan tiori klasifikasi émosi David Krech. Ku kituna, panalungtikan anu sarupa anu nalungtik ngeunaan klasifikasi émosi tokoh dina karya sastra kudu dilaksankeun kana karya séjén hususna karya sastra Sunda. Sangkan karya sastra Sunda bisa leuwih mekar jeung bisa neuleuman kana téori séjén nu bisa kagambar ku karya sastra.

Kadua, hususna lembaga akademisi kudu bisa ngahudangkeun jeung ngaronjatkeun minat masarakat kana karya sastra ku cara jadi wadah pikeun neuleuman paélmuan kasusastraan. Sangkan hasil tina panalungtikan dijadikeun mangpaat ka balaréa.

Katilu, panalungtik sadar dina hasil panalungtikana masih kénéh kurang sampurna atawa kurang lengkep. Ku kituna, dipiharep panalungtik bisa ngamekarkeun deui panalungtikan sangkan leuwih jembar.